



Pou plis enfòmasyon konsènan Viris Ansefalit ekin Lès (EEE) ak Viris Nil Oksidantal, tanpri vizite sit Entènèt nou an ki pi ba a oswa sit Entènèt Depatman sante piblik (DPH) nan Massachusetts nan:

www.mass.gov/dph/mosquito

Deklarasyon misyon BCMCP

Pou sèvi kominote yo lè n elimine popilasyon marengwen yo ki nui e ki pote maladi yo nan nivo ki akseptab yon fason ki montre plis respè pou anviwònman an e ki pi ekonomik. Nou itilize divès metòd yon fason pou redui efè sa ka gen sou moun, bèt nan bwa, òganis vivan ak anviwònman an.

www.mass.gov/eea/bristolcountymosquitocontrol

Suiv nou sou X:

@BCMCPMOSQ

Voye demann sprey nan imel:
REQUESTBRISTOLMCP@comcast.net

BCMCP
38R Forest Street
Attleboro, MA 02703

[Recipient]
[Street Address]
[City, ST ZIP Code]



Telèfòn (508) 823-5253
Faks (508) 828-1868

Pwojè kontwòl marengwen nan konte Bristol (BCMCP)

Jere

Marengwen
Toutotou kay la



Rezon pou pwoteje tèt mwen

Marengwen ka gaye viris ki lakòz gwo maladi. Nan Konte Bristol, nou sitou enkyè pou Viris Ansefalit ekin Lès (EEE) ak Viris Nil Oksidantal (WNV).

EEE se yon maladi ra ki trè grav. Premye sentòm yo se lafyèv, tèt fè mal, kou rèd ak manke fòs. Li ka vin bay enflamasyon oswa fè sèvo a anfle. Li touye 33% moun ki pran l, e sa ki pa mouri yo gen gwo pwoblèm sante ki andikape yo. Pa gen yon tretman presi pou EEE.

WNV: Pifò moun ki genyen l pa gen okenn sentòm. Yon ti kantite moun gen sentòm tankou fyèv, tèt fè mal, kò fè mal ak kè plen. Mwens pase 1% moun ki pran l ap devlope gwo maladi, tankou ansefalit oswa yon menenjit. Pa gen yon tretman presi pou WNV.



Moun ki plis fasil pran EEE ak WNV se timoun, moun aje ak moun sistèm defans kò yo fèb.



Kalite pwodui w met sou po w pou pwoteje l

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) rekòmande pou sèvi ak pwodui ki gen DEET, Pèmetrin, Pikaridin, oswa luil ekaliptis sitwone.

- Yo pa dwe itilize DEET pou tibebe. Timoun yo dwe itilize pwodui ki gen 30% konsantrasyon DEET oswa pi piti. Sa ki gen plis pase 30% konsantrasyon pa bay twòp pwoteksyon anplis, men l dire plis.
- Pwodui ki gen Pèmetrin fèt pou itilize sou bagay tankou rad, soulye, moustikè ak materyèl pou kanping. Yo pa dwe mete yo sou po.
- Yo pa dwe itilize Luil ki fèt ak Ekaliptis pou timoun ki gen mwens pase twazan.

ASIRE W LI ENSTRIKSYON KI SOU ETIKÈT KÈLKESWA PWODUI KONT ENSÈK OU MET SOU OU!

Lè w ap mete bagay sou po w pou pwoteje l

- Paran yo dwe mete pwodui pou pwoteje po a nan men yo epi pase l sou po timoun nan.
- Pa mete pwodui a nan bouch yon timoun, je l, men l oswa kèlkeswa kote ki blese, ki fann oswa k ap grate l.
- Met pwodui a sou tout po ki pa anba rad, jan yo bay enstriksyon sou pwodui a.
- Lè w rantr lakay ou, lave po ki te gen pwodui a ak dlo ak savon.
- Toujou pa kite timoun gen aksè ak pwodui moun mete sou po pou pwoteje l.
- Pa mete twòp oswa plen po w avè l.
- Pa mete l si gen rad ki kouvri po w.

Fason pou evite yo mòde w

- **Mete rad ki gen koulè klè** (koulè fonsse yo rale marengwen) ak chemiz manch long ak pantalon long si w deyò ant lè solèy la pral kouche ak lè l pral leve.
- **Mete moustikè** sou ti machin pou timoun, pousèt ak pak pòtatif pou timoun jwe, pou plis pwoteksyon.
- **Evite ret deyò** ant lè solèy la pral kouche ak lè l pral leve, peryòd kote gen plis marengwen.